

PREZANTASYON SOU KOUVÈTI KONT AKSIDAN



Pèt, tretman oswa pèt espesifye	Avantaj nan Plan 1 an	Avantaj nan Plan 2 an
Tretman annijans	Endividyl/Mari/Madanm: jiska \$150 Timoun: jiska \$87	Endividyl/Mari/Madanm: jiska \$200 Timoun: jiska \$116
Gwo egzamen dyagnostik	\$150	\$200
Aparèy medikal	\$105	\$140
Ijans dantè	jiska \$300	jiska \$400
Anbilans	\$225 machin/\$1,125 avyon	\$300 machin/\$1,500 avyon
Admisyon nan lopital	\$1,500	\$1,500
Konfinman nan lopital	\$255/jou	\$340/jou
Konfinman nan ICU	\$680/jou	\$680/jou
Aparèy pwotèz/manm atifisyèl	\$525	\$700
San/Plasma	\$225	\$300
Transpò	\$450	\$600
Ebjemjan familyal	jiska \$105/sware	jiska \$140/sware
Boule	\$1,125	\$1,500
Tandon/Ligaman	\$450	\$600
Dejwente	jiska \$3,750	jiska \$5,000
Blese nan zye	jiska \$450	jiska \$600
Frakti	jiska \$3,750	jiska \$5,000
Katilaj nan jenou ki dechire ak disk lan ki koupe	jiska \$930	jiska \$1,240
Kwaf wotatè yo ki chire	\$930	\$1,240
Blese entèn yo	\$945	\$1,260
Komosyon serebral	\$90	\$120
Laserasyon	jiska \$375	jiska \$500
Vizit swivi kay doktè	jiska \$120/vizit	jiska \$160/vizit
Ègoterapi	\$30/vizit	\$40/vizit
Byennèt ¹	\$60	\$75

PWEN ESANSYÈL PWODUI A

Aksidan yo pa janm nan plan an, se pou sa ou planifye nan USAble Life.

Plan Aksidan USAble Life lan ofri yon kouch pwoteksyon finansye anplis epi li peye ou dirèkteman sizoka gen yon aksidan ki asire.

- De opsyon plan pou chwazi ladan /
- Li gen ladan / yon alokasyon byennèt anyèl pou tès prevansyon ki asire yo

Lanmò pa Aksidan

Avantaj	Plan 1	Plan 2
Aksidan ki Asire yo	Endividyl/Mari/Madanm: \$30,000 Timoun: \$15,000	Endividyl/Mari/Madanm: \$40,000 Timoun: \$20,000
Aksidan Transpò Piblik yo	Endividyl/Mari/Madanm: \$112,500 Timoun: \$30,000	Endividyl/Mari/Madanm: \$150,000 Timoun: \$40,000
Lanmò pa aksidan an dwe rive nan espas 90 jou apre yon aksidan ki asire.		
Avantaj anplis yo gen ladan yo; gade kontra a pou detay.		

Prim chak mwa pou aksidan

Opsyon	Plan 1	Plan 2
Endividyl	\$14.22	\$18.04
Endividyl + Mari/Madanm	\$18.70	\$23.72
Endividyl + Timoun	\$21.62	\$27.40
Famli	\$26.48	\$33.56

USABLE LifeSM

Men kijan i fonksyon:

Ou achte Plan 2 an epi fè yon egzamen byennèt anyèl. Pita nan menm ane a, yon domaj rive. Ou tonbe sou yon nechèl epi ou fraktire koud bra ou epi ou gen blese entèn. Anplis ak sa gwo asirans medikal ou an peye a, Plan kont Aksidan USAble Life lan pral peye ou:

- **\$75** pou yon reklamasyon byennèt
- **\$300** pou transpò nan anbilans
- **\$200** pou tretman ER
- **\$930** pou yon koud bra ki fraktire (ouvri)
- **\$1,260** pou blese entèn yo
- **\$320** pou de vizit swivi kay doktè
- **\$200** pou senk seyans ègoterapi

\$3,285 alokasyon lajan kach antou yo peye ou dirèkteman.

Renouvèlman ak pwolongasyon

Kontra a garanti kòm renouvlab pandan tout lavi ou. USAble Life gendwa chanje to prim ki etabli an, men sèlman si to an chanje pou tout kontra tankou pa ou a nan Eta ou an. Yo pa p bay okenn moun ki gen 65 lane oswa plis kontra a. Si ou achte kontra a anvan ou 65^{ème} anivèsè ou, ou gendwa kontinye kouvèti an anvan laj 65 lane. Yon depandan ki garanti ki pa satisfè egzijans elijiblite yo ankò gendwa konvèti vin nan yon kontra endividylèl ki konparab san prèv li ka benefisyé asirans. Yon mari/madamn ka kontinye kouvèti nan kontra a lè ou mouri.

Dat anvigè asirans lan

Dat anvigè an vle di dat ki parèt nan paj Pwogramasyon Kontra a pou tout moun yo aksepte pou asirans nan moman yo bay li an, yon fwa aplikasyon an aksepte, epi nou apwouve l; kontra a bay; epi premye prim lan peye; oswa dat ki parèt selon apwobasyon pou tout moun yo ki ajoute sou asirans lan apre kontra a fin bay.

USAble Life afekte dat anvigè an nan konfòmite ak règleman sou politik notasyon dat nou yo ki pran efè nan moman yo bay kontra ou an. Kontra asirans lan bay lan pa p anvigè amwenske pa gen okenn chanjman nan sante okenn moun ki asire yo pwopoze ki sou lis nan aplikasyon an ant dat aplikasyon an ak dat anvigè kontra a.

Eksepsyon ak limit yo

Kontra a peye sèlman pou pèt ki soti nan yon aksidan ki asire jan sa defini nan kontra a. Li pa kouvri blese ki rive akoz yon moun ki asire:

1. Ekspoze ak lagè oswa tout zak lagè, deklare ou pa, ap bay sèvis nan nenpòt fòs lame.
2. Blese nan kò moun nan fè sou tèt li ak pwòp volonté I oswa nan tantativ pou touye tèt li, kit tèt li klè ou pa.
3. Patisipasyon nan tout fòm vòl ki pa yon vòl pou pasaje peye nan yon avyon ki totalman lisansye pou pote pasaje.
4. Patisipasyon oswa tantativ pou patisipe nan, yon aktivite ilégale ki defini antanke yon deli selon lalwa jiridiksyon kote aktivite an rive an.
5. Patisipasyon nan tout aktivite oswa evennman, ansanm ak kondi yon machin, pandan I sou enflyians dwòg (amwenske se yon medsen ki administre I epi li pran I dapre enstriksyon medsen an) oswa pandan li entoksike. "Entoksike" vle di twoub sante jan sa defini selon lwa yo nan jiridiksyon kote aksidan an rive an. Kondanasyon pa nesesè pou yo detèmine I entoksike.
6. Kondui nenpòt machin ki pote pasaje oswa machin kago, eksepte otobis lekòl, pou salè, konpansasyon oswa pwofi.
7. Monte montay ak kòd epi/oswa lòt ekipman, fè parachit oswa fè dèltaplann.
8. Fè chiriji estetik oswa lòt operasyon opsyonèl ki pa nesesè medikalman oswa fè tretman nan dan eksepte akoz yon blesi.
9. Patisipasyon nan nenpòt espò oswa aktivite pou salè, konpansasyon oswa pwofi; oswa fè kous ak nenpòt kalite machin nan yon evennman òganize.
10. Gen nenpòt maladi oswa pwosesis ki afebli maladi lakoz, ansanm ak enfimite mantal oswa enfeksyon (eksepte enfeksyon nan bakteri apati yon blese nan aksidan ki asire).

Li kontra ou an ak atansyon

Prezantasyon sa a founi yon deskripsyon brèf sou karakteristik enpòtan yo nan kontra ou an. Sa se pa kontra asirans lan, e se sèlman dispozisyon nan kontra aktiyèl lan ki ap gen priyorite. Kontra a li menm etabli, an detay, dwa ak obligasyon ni ou menm ak konpayi asirans ou an. Kalite kontra sa yo fèt pou founi bay moun ki asire yo, kouvèti ki limite ki peye allokasyon sèlman lè sèten pèt rive akoz aksidan sèlman. Asirans lan pa bay pou depans debaz nan lopital, depans debaz pou operasyon-loptital, gwo depans medikal oswa global. Alokasyon yo peye pou pèt akoz blesi ki fèt nan yon aksidan ki asire sèlman, jan sa defini nan kontra a. Pèt lan dwe rive oswa blese an dwe dyagnostike oswa trete nan espas peryòd tan ki deklare nan kontra a. Alokasyon pou kèk pèt gendwa varye toudepan gravite aksidan an. Gade kontra a pou montan presi yo peye yo.

Dokiman sa a se yon tradiksyon apati orijinal li ki ekri an Anglè. Tèm anglè yo ap domine sizoka ta gen nenpòt diskisyon konsènan siyifikasyon dokiman sa a oswa tèm ki nan dokiman an.

Dokiman sa a founi yon deskripsyon brèf sou asirans kont Aksidan USAble Life lan. Sa se pa yon kontra asirans. Gendwa gen limit ak esklizyon ki aplike, epi kouvèti asirans lan gendwa redui oswa sispann akòz mank kalifikasyon. Tanpri li kontra asirans lan avèk anpil atansyon. USAble Life se konpayi asirans lan e li sèlman responsab kontra kont Aksidan an (Fòmilè Polis AEP (2-13) ki referanse la.

¹Alokasyon pou byennèt lan peye sou baz yon ane sivil pou tès prevansyon ki asire yo.

USAble Life se yon konpayi endependan epi li fonksyoné apa parapò avèk Florida Blue. Florida Blue se yon Konpayi Endependan ki gen lisans nan Blue Cross and Blue Shield Association. USAble Life pa vann oswa jere pwodui Florida Blue.



Consecutively ranked
"A" (excellent) by A.M. Best



Recognized as one of the
"Ward's 50" L&H Top Performers

